

Flanbo Verite A



**OU PA
OBLIJE KONPLÈ
POU OU BEL**

(Gade istwa sa a nan paj 9)

Janvye - Fevriye 2020 | Volim 10 Nimewo 1

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial	3
Ki Moun Bondye Ye ? #2 Nouvo Tolerans.....	4
Istwa Kouvèti a	11
Deyè Rido a	13
Seksyon Paran Apèl pou Monte Leson 9b	14
Istwa Biblik Jezi Fèt Lavil Betleyèm	18
Istwa Mati Yo Simon Pyè—Lanne 69 Apre Jezi	20
Seksyon Jenn Chemen Li te Chwazi a Chapit 1b.....	23
Seksyon Timoun Li Enpòtan Pou Ou Toujou Fè Yon Ti Kras Anplis.....	30
Aktivite Timoun.....	34
Tout Va Vo Lapenn	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly
Matthew Morhart

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Jodi a, pandan mwen t'ap kondwi pou m' rive nan biwo kote m' travay la, mwen te kòmanse reflechi sou yon bagay. Wout la ki sòti lakay mwen pou rive nan biwo a se yon move wout ki plen twou epi ki plen wòch. Li pa bon ditou. Akòz wout la pa bon, yon chofè oblije konsantre l' sou sa l'ap fè pandan l'ap kondwi. Maten an, pandan mwen t'ap fè wout la, je m' te fikse atè poutèt pakèt wòch yo mwen pa t' vle frape epi poutèt twou yo mwen te vle evite. Mwen te vin konprann kalite konsantrasyon sa yo reprezante yon danje tou. Pandan je m' te kole atè a, mwen pa t' gen kontwòl sou sa ki te devan mwen. Konsa, mwen pa t' wè machin yo ki t'ap mache sou mwen nan wout la. Plizyè fwa mwen te tèlman distrè nan veye wòch ak twou, mwen pa t' menm remake prezans yon lòt machin ki te tou pre m' epi ki t'ap mache sou mwen tou dwat.

Esperyans sa a te pouse m' reflechi sou lavi espiyèl mwen. Konbyen fwa deja mwen te twò okipe avèk obstak yo ki te devan mwen ? Konbyen fwa deja mwen te konsantre m' sou konfli ki te antoure m' yo (nan legliz, nan lemonn) epi sou eta lemonn an jeneral, jouk mwen te pèdi ekilib ? Li fasil pou nou vin tèlman angaje avèk pwoblèm lemonn yo, nou pa wè bagay etènèl yo ankò. Nou fikse je nou sou pwoblèm jodi yo, epi nou pa gade vizaj Wa nou an ankò.

Mwen vle konfese yon bagay : eta lemonn jounen jodi a se yon bagay ki twoubler m'. Souvan mwen rete ap kalkile sou sa k'ap fèt agòch adwat. M'ap mande si lemonn te janm konnen yon lòt epòk avèk tout dezòd sa yo, tout vyolans sa a, tout rayisab sa a, ak tout mank respè sa yo pou lavi moun. Sa n'ap gade aktyèlman se tèt chaje. M' fasil rete ap kalkile sou bagay sa yo jouk mwen deranje. Men, mwen pa dwe kite bagay sa yo fè m' retire je m' sou vizaj Wa mwen an.

Jezi di nou lè nou wè « *bagay sa yo* » nou dwe leve kanpe epi leve tèt nou (Lik 21.25–28). Tout bagay sa yo va tèmine lè Jezi retounen nan nyaj yo. Se sa ki verite a. Priyorite nou se pou n' fikse je nou sou Kris. Nou pa dwe fikse je nou sou bagay sa yo isiba. Fòk nou pare pou retou Kris. Otè liv Ebre a ban nou yon avètisman. Li di se pou nou « *voye tout bagay k'ap antrave kous nou jete byen lwen.* » Se pou nou gade Jezi pito. Piga nou kite vye bagay lemonn sa a fè nou pèdi bon wout la (Heb. 12:1-2).

San dout, nou dwe konsyan sou sa k'ap fèt bò kote nou. Se pou nou evite wòch yo ak twou yo ki parèt devan nou nan wout lavi sa a. Men, fòk nou leve tèt nou tou. Fòk nou fikse je nou sou Jezi pandan n'ap mache nan wout lavi sa a.

Dwann Nisli



2 Nouvo Tolerans

Jezi te entwodwi yon nouvo tolerans nan mitan pèp Jwif la. Senyè a te dakò chita manje ansanm ak pèseptè kontribisyon—yon bagay Jwif yo pa t'ap asepte fè. Li te kanpe pale ak moun peyi Samari—yon pèp Jwif yo te gade ak move je alepòk. Epi, lè douz (12) disip yo te vle anpeche lòt moun travay nan non Jezi, Jezi te repwoche yo ak pawòl sa a : « **Moun ki pa kont ou, se moun pa ou li ye** » (Lik 9.50). Se konsa Pitit Gason Bondye a te ye. Li te poze men Li sou moun ki te genyen lalèp. Li te touche malad yo (menm fi yo tou), epi Li te geri yo menmsi se te yon jou Saba li te ye ; tout bagay sa yo te kont prensip Farizyen yo. Kalite tolerans sa a sòti nan renmen. Li sòti nan gras Bondye. Li te manifeste nan ministè Jezi Kris la.

Pa kont, jounen jodi a gen yon kalite tolerans Jezi pa t'ap asepte. Tolerans sa a se yon akò ant verite biblik ak presyon kilti modèn lan. Se yon mouvman kote moun ap eseye fè chanjman nan lafwa kretyen an pou fòse l' mache ak filozofi epòk la. Nan nouvo tolerans sa a, moun yo eseye mete etik legliz la pi « alamòd. » Yo eseye fè pratik legliz la tonbe daplon avèk vye lespri epòk modèn lan ki deja

sede devan lènmi an. Bib la pale sou sa nan Pwovèb 16.25 kote li di : « **Chemen ou kwè ki bon an, se li ki mennen ou tou dwat nan lanmò.** » Se pa tout wout ki mennen menm kote. Pou eseye jistifye yon bagay, ou pa kapab di : « Li bon paske tout moun ap fè li. » Presyon sosyete a pa kapab detèmine ni lafwa legliz Kris la, ni pratik legliz Kris la. Se sou tolerans sa a kote moun asepte lide imanis nou pral pale nan atik sa a.

Nouvo tolerans sa a sòti nan yon mouvman global. Menm nan mitan legliz yo gen yon dezi pou kite doktrin dèyè. Yo di doktrin se bagay ki mete moun dozado. Men mwen vle poze yon kesyon : « Èske se doktrin bibliki ki divize moun, osinon èske se opinyon lòm avèk lògèy lòm ki divize moun ? » Men yon dezyèm kesyon : « Pami tout moun sa yo ki deside lese tèl doktrin, kisa ki va ini yo ansanm ? Si se doktrin ki mete moun dozado vre, kisa ki mare yo ansanm ? »

Nou tande moun deklare divèsite seksyèl se pa peche li ye ; yo di genyen moun ki « oryante » yon lòt jan, epi tout moun dwe tolere diferans sa yo. Menm atitid tolerans sa a parèt anpil lòt kote nan relijyon jounen jodi a. Yon filozofi ki rele ini-vèsalis deklare : « Bondye se papa a, epi tout moun nèt se frè ak sè nou ye. » Yo fè konnen Bondye se Papa tout moun sou latè epi chak grenn moun k'ap viv fè pati « legliz envizib epi kosmopolit la. » Se klè, nan yon sosyete konsa, pa genyen okenn otorite final. Deklarasyon Bondye yo pa vle di anyen pou yo. Anyen pa absoli. Anyen pa sèten epi vre pou toutan. Men, ann di Bondye mèsè dèske genyen legliz ki kanpe fèm sou verite a. Yo se « vil ki bati sou yon mòn. » Yo se « limyè lemond. » Legliz peleran an kontinye mache annavan nan mitan tout desepsyon sa yo ak nan mitan tout konfizyon sa yo.

« Lese grennen » sa a pa afekte afè legliz sèlman. Li afekte sosyete a tout antye. Li afekte fwaye yo. « Tout bagay bon. » « Depi li fè ou byen, kontinye fè l'. » Timoun ki lakay paran yo kòmanse etabli pwòp « regleman » pa yo. Paran sede devan « nouvo tolerans » lan. Men Bib la di konsa : « **Timoun yo kite fè sa yo pito gen pou fè manman yo wout** » (Pwovèb 29.15). Se konsa li ye vre. Sosyete nou tèt anba, se paske pa gen otorite nan fwaye yo, epi yon mank otorite nan fwaye yo fè nou pa gen otorite nan kominote yo nonplis. Epi nouvo tolerans lan pa rete la. Li ale pi lwen toujou. Nenpòt estil te mèt parèt epi tout moun asepte l' jan li ye a. Swa nou dakò oswa nou pa dakò, nou anba presyon pou n' asepte li jan li ye a. Jounen jodi a w'ap wè moun ki genyen cheve koulè vè osinon cheve koulè ble. W'ap wè tatou sou kò moun. W'ap wè moun ki pèse zòrèy, pèse nen, pèse

nenpòt kote. Lèfini, sosyete a pèmèt moun mache ak kò yo deyò pi plis chak jou.

Bib la se Pawòl Bondye Li ye. Estanda diven yo pa janm chanje malgre nouvo tolerans lan kontinye ap grandi.

Ann pran yon teren foutbòl kòm ilustrasyon. Genyen liy blanch atè ki make limit teren an. Si yon ekip ap mennen balon an, epi si balon an sòti deyò liy sa yo, jwèt la kanpe epi lòt ekip la jwenn balon an. Pou yon ekip fè yon gòl, fòk balon an travèse yon liy pou antre anndan kan an. Koulye a, nouvo tolerans lan se kòm si yo vle make teren an avèk yon seri liy ki fèt avèk elastik. Se pou liy yo deplase tanzantan. Nan ka sa a, si balon an nan wout pou li sòti deyò, liy lan dwe avanse paske liy lan pa fiks atè a. Se konsa, ekip k'ap mennen balon an ka kontinye mennen l' jan li vle, kote li vle. Selon filozofi sa a, poto kan yo pa dwe rete yon sèl kote. Depi mwen anvi fè yon gòl, poto kan yo ta dwe deplase ouvri pi laj pou resevwa balon mwen te choute a. Men, kilès moun ki t'ap enterese jwe yon match nan yon kondisyon konsa ? Anyen pa t'ap mache byen. Mwen ta kòmanse fè sa m' pito sou teren an. Pèsonn pa t'ap ka di m' anyen. Mwen pa t'ap okipe okenn moun. Tout moun t'ap oblije tolere nenpòt grimas mwen fè devan yo. Sa se rezilta nouvo tolerans lan. Depi yon moun vle viv selon opinyon pa li yo pandan li anvi jwenn aplodisman Jezi ak legliz Jezi Kris la, li sanble ak yon moun k'ap jwe yon match san okenn prensip fiks. Nou konnen bagay konsa pa posib. Nouvo tolerans lan se pa yon bagay nouvo li ye vre. Se toujou menm vye rebelyon an. Men jodi a, se prèske tout sosyete a k'ap degrengole. Epi se reyaltite sa a ki mete legliz la an danje.

Ann pran yon lòt aspè ki prezan nan nouvo tolerans lan. Sosyete yo dakò jodi a pou moun esprime seksyalite nenpòt kijan. Si yon gason ta renmen pou li devni yon fi pito, sosyete a dakò. Filozofi tolerans sa a kanpe pou di tout moun genyen menm « dwa. » Timoun genyen dwa tou pou fè sa yo vle. Men, genyen yon pwoblèm ki parèt. Sanble tolerans lan pa rive tout kote vre. Lè yon vrè kretyen vle viv selon lafwa bibliik toutbon, tolerans lan fini. Men yon egzanp k'ap pase aktyèlman Ozetazini : Genyen biznis ki prepare gato maryaj. Si mèt biznis sa a se yon Kretyen, epi si li refize prepare yon gato maryaj pou de (2) gason k'ap swadizan « marye » ansanm, leta a kapab ba li yon seri gwo sanksyon poutèt sa. Konsa tou, yon biznis gen dwa revoke yon anplwaye dèske anplwaye a priye kote li travay la. Genyen kèk kote Dis (10) Kòmandman yo te plake an piblik epi leta a fè moun yo retire l' pou moun pa oblije wè yo. Genyen kote ou pa ka antre nan

yon lekòl piblik avèk yon Bib nan men ou. Donk, tolerans pa rete tolerans pou tout moun. Se yon tolerans patipri li ye. Li ouvri pòt la pi plis pou sila yo k'ap viv nan dezobeyisans devan Pawòl Bondye a.

Èske sosyete nou an jounen jodi a ap avanse menm jan avèk sosyete anpi Women an alepòk ? Nan epòk sa a, moun yo te gen dwa sèvi yon bann dye divès. Sepandan, sila yo ki te kanpe pou di y'ap sèvi Jezi Kris, sosyete a te jete yo swa devan lyon oswa nan dife. Pa t' gen okenn tolerans pou Kreyen yo. Èske nou va rive la ankò ?

Kisa Bondye di sou nouvo tolerans sa a ? Se Bondye ki te kreye tout bagay. Konsa tou, se Bondye k'ap sanktifye nou. Tout sa Bondye fè demontre lòd, estrikti, ak otorite. Pawòl Li pa janm nan erè, epi Li p'ap janm pase. Lè Bondye t'ap bay Moyiz konsiy pou konstriksyon tabènak la, Bondye te di Moyiz konsa : « *Gade byen pou ou ka fè tout bagay dapre modèl Mwen te moutre ou sou mòn lan* » (Egzòd 25.40). Regleman Bondye yo sen paske Bondye sen. Kòmandman li yo se pou byennèt pa nou. « *Se pou nou mache dapre tout kòmandman ak tout lòd Li yo. Se pou byen nou mwen ban nou yo jodi a* » (Detewonòm 10.13). Sa Bib la anseye sou maryaj se pou byennèt pa nou, epi pou byennèt sosyete a. Bondye konnen kilè pou Li di « wi » epi kilè pou Li di « non. »

Note byen nan Women chapit 12 kijan genyen anviwon dis (10) egzanp kote Pòl deklare nou pa dwe fè tèt bagay. Se toujou pou byennèt pa nou li di nou sa.

Ann gade sa Jezi di nan Matye 7.21 : « *Se pa tout moun k'ap plede di M' : « Mèt, Mèt, » ki pral antre nan peyi Wa ki nan syèl la, men se sèlman moun ki fè volonte Papa M' ki nan syèl la. »* Ann remake kèk karakteristik nouvo tolerans lan ki parèt nan vèsè 22 : « *Lè jou sa a va rive, anpil moun va di M' : « Mèt, Mèt, se sou non Ou nou t'ap bay mesaj ki sòti nan Bondye a. Se sou non Ou nou te chase move lespri yo. Se sou non Ou nou te fè anpil mirak. »* Men nan vèsè 23 nou twouve rezilta a : « *Lè sa a, M'a di yo : « Mwen pa t' janm konnen nou. Wete kò nou sou Mwen, nou menm k'ap fè sa ki mal. »* »

Nou gentan note de (2) kalite tolerans diferan. Jezi te renmen tout moun. Li pa t' rechte pèsonn moun, ni poutèt grad moun lan nan sosyete a, ni poutèt kilti moun lan. Li te ofri lavi pa L' pou Li sove tout moun : Jwif ak payen, gason ak fi, domestik ak moun lib. Li pa t' gade sou koulè po moun lan, ni sou ran moun lan nan sosyete a, ni sou ki istwa moun lan te genyen nan afè relijyon. Li pa t' wè bagay sa yo pou anyen. Bòn Nouvèl Jezi Kris la

inivèsèl. Sa vle di, nenpòt moun kapab repanti pou peche, resevwa gras, epi viv nan sentete. Se « tolerans » sa a nenpòt Kreyen va asepte epi pratike. Men, yon Kreyen dwe rechte nouvo tolerans lan ki pèmèt lòm devni yon dye pou tèt pa li. Se tolerans sa a ki pa vle mele ak okenn « obeyisans, » okenn « otorite, » okenn « soumisyon, » ni okenn « regleman absolli. » Nouvo tolerans lan se yon atitid ki deklare : « *Nou pa vle Nonm sa a pou wa nou* » (Lik 19.14). Anmenmtan, nouvo tolerans lan fòse tout moun koube devan nouvo dye a k'ap domine kilti modèn lan. Se tankou estati Nebikadneza te fè bati nan lavil Babilòn lan. Tout moun te oblije koube epi adore estati a pandan mizik la t'ap jwe nan zòrèy yo (se kòm si mizik la te yon vwal ki te bouch konsyans yo). Poutan, te genyen twa (3) moun ki pa t' bese.

Se pou Bondye leve yon seri pastè ak tout asanble ki rete fidèl devan verite a, ki refize negosye yon vye kontra avèk yon kilti deprave, men ki dakò obeye Pawòl Bondye a—menm jan avèk twa (3) jenn Ebre yo.

(n'ap kontinye ansèyman sa a nan yon pwochen edisyon)

—Youjin Aysi



*B*ondye toujou kenbe pawòl Li.
 Li pwoteje tout moun ki
 mete konfyans yo nan Li.

*'Pa fè L' di sa Li pa di.
 Si ou fè sa, L'a fè ou repwòch,
 L'a fè tout moun wè se mantò ou ye.*

Pwovèb 30.5-6

OU PA OBLIJE KONPLÈ POU OU BÈL

Entwodiksyon

Wonal se te yon misyonè ki te kite Etazini pou li al viv nan peyi Ondiras ansanm ak tout fanmi li. Jou ki te 1 Jiyè, 2010, Wonal te mouri nan yon aksidan. Moto li t'ap kondui a te frape tèt pou tèt avèk yon machin. Lanmò Wonal te kite yon gwo twou vid nan fanmi li, nan kominote a, epi nan legliz la kote li te sèvi. Pafwa sa Senyè a kite rive nou pa fè sans pou nou. Men, Bondye bon toutan. Li pa janm fè yon erè. Men temwayaj madanm Wonal :

Yon ane apre mari m' te mouri, mwen menm ansanm ak timoun mwen yo te plante yon pye seriz nan lakou a dèyè kay la. Nou te fè l' pou n' te ka make anivèsè lanmò Wonal. Nan lanne 2014, mwen te sezi lè m' te wè kèk flè ki t'ap pouse anba pye seriz la. Mwen te bliye si mwen te plante yo yon ane anvan sa.

Pandan detwa semenn, mwen te swiv flè yo pandan yo t'ap grandi. Ti boujon yo t'ap gonfle. Nan jou a ki t'ap fè katran depi mari m' te mouri, mwen te santi yon gran tristès ak doulè nan lespri m'. Mwen t'ap panse a dènye moman yo m' te pase ansanm ak chè mari mwen, san mwen pa t' menm konnen se te pou yon dènye fwa mwen t'ap wè li sou tè sa a.

Nan denmen maten, mwen t'ap swiv pandan solèy la t'ap fè efò pou li parèt nan mitan yon seri nyaj ki te kouvri syèl la. Mwen te kontan tande zwazo yo k'ap chante. Lè a te kalm. Ti van lejè yo te dous. Bon ti kominyon ak Kreyatè mwen an te rafrech nanm mwen jou sa a. Mwen te konnen Bondye renmen m'. Men, gwo jou sa a, ki se te katriyèm anivèsè lanmò Wonal la, mwen te swaf yon siy ki pou te fè m' pa pèdi konfyans. Mwen te priye : « Chè Senyè, ede m' wè Ou yon fason espesyal jodi a. »

Pita, mwen te wè l'...premye flè a t'ap ouvri kò l' pou l' te ka salye kreyasyon an. Boujon an te long, epi se tante li t'ap tante ouvri jou maten sa a. Nan fen jounen an, tout petal yo tapral ouvri byen laj epi byen bèl. Flè a te genyen yon bèl koulè blanch. Epi flè a te sitiye tou dwat anba pyebwa nou te plante a pou ede nou sonje sila ki te pi enpòtan pou fanmi nou an...mari m', Wonal.

Bondye ! Se Ou ki fè sa ! Depi je m' te tonbe sou flè a, mwen te sèten. Ou te sere flè sa a pou jodi a pou Ou te kapab raple m' kijan lavi ki pwòp epi etènèl vini apati lanmò. Mèsi pou pwomès rezireksyon an. Mèsi pou espwa a ki fè nou konnen yon jou n'ap wè Wonal ankò.

OU PA OBLIJE KONPLÈ POU OU BÈL

Yon lòt ane te pase ankò. Yon dezyèm fwa, mwen te swiv ti pye flè yo pandan yo t'ap grandi chak jou. Men, mwen te mete nan tèt mwen flè yo p'ap janm ouvri ankò sou menm dat la kote mari m' te mouri, jan yo te fè l' premye fwa a. Yon semenn anvan 1 Jiyè tapral rive sou nou, de (2) boujon te parèt. Yo te sanble yo te prèt pou ouvri nenpòt ki moman. Sa pa anyen si yo ouvri anvan jou espesyal la. Mwen konnen byen Bondye sansib pou mwen, menmsi pa genyen gwo evènman ki tonbe nan jou espesyal la. Se sa ki te nan tèt mwen, malgre siy Bondye yo te toujou rete yon trezò pou mwen.

Detwa jou anvan dat la te rive, flè a te ouvri kò l'. Men mwen te remake yon bagay ki te diferan lakay flè sa a. Lè m' te byen gade, flè a te genyen senk (5) petal ase. Se sis (6) pou l' te genyen. Paske sizyèm petal la pa t' la, lòt petal yo te ouvri laj. Li te sanble yon flè ki manke yon bagay. Tou dousman, pandan mwen te pase men m' sou flè a, mwen te pale avè l' : « Ou bèl kanmenm. Ou pa oblije konplè pou ou bèl ! »

Flè a ki te manke yon bagay te touche kè m'. Yon jou, pandan mwen t'ap li nan Kolosyen chapit 2, yon fraz te frape m', kòm si li t'ap pase m' nan jwèt. « E, nou total nan Li (Kris)... » (Bib Kreyòl la—Bibles International). Total ? Lanmò mari m' te kite yon gran twou nan lavi m'. Kijan m' ka total ? Non. Jamè. Sa se pa vre. Se sa m' t'ap di nan kè m' nan moman an. Se vre Kris fè m' jwenn tou sa m' bezwen esprityèlman. Men, kè m' te



OU PA OBLIJE KONPLÈ POU OU BÈL

brize, epi doulè a te la toujou. Mwen pa t' kapab asepte mo sa a : « nou total. » Mwen te manke. Men, mwen te konnen byen m' pa dwe goumen ak Pawòl Bondye a. Malgre sa, tout santiman m' t'ap rele byen fò : « Toutotan mari m' pa la, m' p'ap janm total ankò ! »

Koulye a, pandan mwen t'ap kalkile sou bèl ti flè ki te manke a, mwen te repase sou senk (5) ane yo ki te koule depi Wonal te mouri...te gen doulè tankou lanmè, te gen anpil chagren. M' te santi m' la san rezon. Mwen pa t' klè sou kilès mwen te ye ankò. Mwen pa t' ka di ki plan Bondye te genyen pou mwen. Ala yon mèvèy. Bondye konsidere m' kòm yon moun ki total, sepandan mwen santi m' manke anpil anpil. Poutan, mwen pa manke vre, paske nan je Bondye, yon kè ki soumèt se yon kè ki total epi ki bèl, malgre sikonstans yo. Louwe Letènèl !

Koulye a, lè lide m' tonbe sou Wonal ki pa la, mwen sonje jou a kote pitit gason m' ki rele Maywòn te kanpe avè m' nan jaden an ap gade de (2) èg ki t'ap vole sou tèt nou. (Se te yon ras èg yo rele èg chòv paske tèt yo gen bèl plimaj tou blanch.) Youn nan yo te sitèlman wo nou prèske pa t' ka wè l'. Lòt la te pi ba, epi pafwa lè l' te vire, tèt li ki te tou blanch te klere byen bèl nan solèy la. Èg yo t'ap fè wonn anèl a san yo pa t' menm bezwen bat zèl yo. Chak fwa yo te trase wonn lan, se pi wo yo t'ap monte pi wo. Yo te chita sou van an, epi yo te byen bèl nan mitan gwo syèl ble a.

Rive yon lè, nou pa t' ka wè premye èg la ankò. Pandan nou t'ap gade sa ki te pi ba a, premye a te disparèt, sitèlman li te piti anèl a. Nou te rete ap gade dezyèm lan pandan li te kontinye monte pi wo epi pi wo. Alafen, mwen te bouke gade. Mwen te retounen nan travay mwen nan jaden an.

Yon bon valè lapli te gentan tonbe ane sa a. Raje yo te anpil bò kote pwa a nou t'ap chache keyi. Kèk kote, pye pwa yo te kouvri ak labou. Pami fèy yo, genyen ki te tou jòn poutèt twòp dlo. Genyen ki te kòmanse pouri menm. Pandan mwen t'ap travay, yon move sant te antre nan nen m'. Woy ! Se swa yon chat osinon yon chen ki te gentan fè yon travay nan mitan jaden an. Ay ! Travay la, raje yo, labou a, vye sant lan – mizè anba a pa t' bèl ditou lè m' te konpare l' avèk èg yo ki t'ap vole anèl nan syèl la.

Maywòn te anonse : « Men li, Manman ! »

OU PA OBLIJE KONPLÈ POU OU BÈL

Mwen te leve tèt mwen anlè. Mwen mande l' : « Kote l' ? »

« Men li lòt bò a. » Maywòn te lonje men l' pou montre m' kibò. Mwen te chache l', men mwen pa t' ka wè anyen kote pitit gason m' te lonje dwèt li. Mwen te tèlman angaje nan travay mwen t'ap fè atè a, mwen te rate bèt la anlè a. Èg la te ale ankò, epi nou youn pa t' kapab twouve li.

Mwen te di konsa : « Dezyèm lan ale menm jan ak premye a, genlè. »

Mwen te lage m' nan keyi pwa ankò, men lespri m' t'ap fè wonn tankou bèt yo anlè a. Gade kijan bèt la te ale sanzatan ! Pandan mwen t'ap okipe bagay isiba, mwen pa t' menm konnen lè bèt la te ale. Èske li t'ap fè wout pou yon kote ki byen lwen ? Èske li prale lakay li ?

Yon kote ki byen lwen...lakay li... Lide m' te tonbe sou Wonal. Se sanzatan li te kite nou...nou pa t'ap gade lè li te ale. Li monte, li monte, epi li ale ! Lespri l' te vole al jwenn Bondye ki te kreye l' la. Wonal pa t' mare anba ankò. Li te gentan bay amou li, tan li, tout li menm pou Syèl la. Chenn peche yo pa t' gen okenn pouvwa sou li paske san Jezi Kris la te gentan libere l'. Wonal te genyen anpil responsabite nan men l' se vre, men li te lese yo lè l' te tande yon apèl pou li ale lakay li—lakay Senyè a. Senyè a kontinye fè travay Li a mache. Li sèvi avèk lòt moun koulye a. Wonal lakay, kote li resevwa rekonpans pou fidelite li te montre nan fè volonte Bondye. Wonal lakay, kote okenn peche pa ka detwi li, okenn lanmò pa ka manyen li. Wonal lakay, kote nou va ansanm ankò yon bon jou.

« Lanmò ! Kote batay ou genyen an? Lanmò ! Kote pouvwa ou te gen pou fè nou lapenn lan ?⁵⁷...Men, ann di Bondye mès, Li menm ki fè nou genyen batay la sou lanmò granmès Jezikri, Senyè nou an ! » (1 Korènt 15.55, 57).

Bondye te montre m' mwen kapab konplè nan Li. M' ka total... menmsi Wonal pa bò kote m'. Li te montre m' kijan li enpòtan pou m' viv nan libète, pou m' pa distrè avèk bagay isi ba yo, ni pou m' pa mare avèk bagay lemonn yo. Konsa, nan menm moman an kote Bondye rele m', m'ap kapab monte anlè san okenn regrè, san okenn anpechman.

Lè jou pa m' lan rive pou m' vole anlè nan syèl la... èske mwen va pare ?

—Mariann Matin





Pawòl Granmoun

—Sannfòd Yodè

Dèyè Rido A

« Bondye te mèt touye m'. Sèl chans mwen se pou m' esplike avè L'. » (Jòb 13.15).


Jòb te gen rezon pou l' te santi li pa t' bon apre tou sa li te sibi. Sanzatann, li te pèdi tout sa li te posede. Li te menm pèdi pitit li yo. Pi mal toujou, madanm li te kanpe ap dekouraje li. Li te wè tout richès li yo ak tout byen li yo disparèt yon sèl kou. Apre sa, li te sibi yon maladi ki te ka fè l' wont. Li te genyen doulè, epi maleng te kouvri tout kò li depi anba rive anlè. Nou pa sezi lè n' tande Jòb di pito li pa t' janm fèt. San dout, li t'ap poze tèt li kesyon sa a : « Poukisa tout bagay sa yo rive m' yon sèl kou ? » Jòb, ansanm ak twa (3) zanmi l' yo, te fikse sou gwo pèt materyèl ansanm ak gwo doulè fizik. Zanmi l' yo te sèten tout pwoblèm sa yo te sòti nan kèk peche Jòb te fè. Dapre yo, se pini Bondye t'ap pini li. Men Jòb pa t' konnen okenn peche ki te nan lavi li ki te kapab lakòz kantite pwoblèm sa yo.

Jòb pa t' pèdi konfyans nan Bondye malgre tout sa ki te rive li san yon bon eksplikasyon. Men sa li te di : « **Mwen menm, mwen konnen Moun ki gen pou vin pran defans mwen an byen vivan. Se Li menm an dènye k'ap kanpe sou latè pou pale pou mwen. Apre m'finmouri, L'apmetem'kanpe bòkote L'. M'a wè Bondye akpwòpjem'** » (Jòb 19.25–26). Se ak lafwa Jòb te deklare : « **Men, Bondye konnen tout ti vire tounen mwen. Si Li sonde m', L'a wè m' bon tankou bon lò ki pase nan dife** » (Jòb 23.10). Jòb te pale konsa malgre li pa t' konnen anyen nan sa ki te pase anvan ant Bondye ak Satan. Li pa t' okouran sou dyalòg yo te fè ansanm lan. Li pa t' kapab wè sa ki t'ap pase nan syèl la—dèyè rido a. Tout bagay sa yo te kache pou li.

Menm jan ak Jòb, nou pa kapab wè dèyè rido a—sa vle di, sa k'ap pase nan syèl la. Nou pa ka fin konprann poukisa kèk bagay rive. Nou soufri lè moun mouri. Nou soufri doulè. Nou pa ka wè men Bondye ki kenbe nou epi k'ap pwoteje nou anba destriksyon lènmi an. Bondye souvren. Li fè sa Li vle, men nou mal pou konprann plan Bondye a pou lavi nou pafwa. Nou pa ka di poukisa nou fè fas ak kèk eprèy. Nou poze menm kesyon avèk Jòb : « Poukisa se pwoblèm sa a ? Poukisa se mwen menm ? »

Ann swiv egzanp Jòb te trase a pou lafwa nou kapab fòtifye. Dèyè rido a, Bondye pèmèt sikonstans ki negatif antre nan lavi nou pou yon rezon epi selon bèl plan pa Li a ki toujou bon epi ki toujou san erè. Ann konfye sa Li chwazi.

SEKSYON PARAN



Disip Jezi Kris

Rankin e Padon

Leson 9b

Chache viv ak kè poze ak tout moun. Mennen yon lavi apa pou Bondye. Si se pa sa, pa gen moun k'ap wè Senyè a. Pa kite pèsonn vire do bay favè Bondye a. Pa kite pèsonn tounen tankou yon plant anmè k'ap pouse rasin k'ap anpwazonnen lòt yo (Ebre 12.14–15).

OBSÈVASYON #4 : Rankin travay anbachal, tankou yon rasin.

Rankin pa sèlman fè anpil dega, men li rize. Li twonpe moun. Pifò moun ki rankinye

pa kwè yo rankinye. Youn nan rezon yo se paske yo fè jijman daprè emosyon yo. Okenn emosyon p'ap kenbe pou tout tan, konsa lè santiman kòlè a bese, anpil moun mete nan tèt yo ke yo genyen bon atitud ankò. Men, si kòlè a rete la a jis li pouse rankin, emosyon an kapab gentan pati, men pwoblèm lan apenn kòmanse. Moun lan pa santi li fache, men rankin prezan.

Rankin se yon sistèm blam li ye. Sistèm lan kòmanse lè yon moun plede repase sou mal yon moun te fè l'. Plis yo repase sou mal moun lan te fè yo se plis sistèm blam lan anrasine pi fon. Sa ki te kòmanse kòm yon ti abitud mantal vin tounen yon atitud ki kontwole tout fason yon moun repase sou lòt aksyon ak lòt sityasyon. Lè yon moun genyen yon atitud ki anmè (toutan l'ap mete blam sou lòt moun), li pa sèlman kenbe blesi ki reyèl nan kè li, men li kenbe blesi ki imajinè tou. Konsa, li rete ap anpile pwoblèm. Pami moun ki gen atitud anmè konsa, genyen kèk ki toujou pare pou pale bagay sa yo avèk nenpòt moun ki vle koute yo—e ak moun ki pa vle koute yo tou ! Men, konsa tou genyen kèk moun konsa ki eseye kache blesi yo pou moun pa konnen anyen. Men blesi yo la, e yo panse sou yo regilyèman.

Si rankin pa trete, fòs grif li va ogmante. Konsa, yon abitud blanmen lòt moun vin tounen yon sekirite pou moun lan. Yon moun ki gen rankin konsa pran pozisyon se toujou li menm ki viktim lan. Si moun sa a ta resi pran reskonsabilite pèsònèl li, sa t'ap menase sekirite li genyen nan tèt li kote se toujou lòt moun ki lakòz li rive kote li rive e se toujou lòt moun ki lakòz li sibi sa li sibi. Abitud sa a ka pouse rasin ki byen fon, jouk moun sa alèz sèlman lè li ap souffri poutèt yon lòt moun.

OBSÈVASYON #5 : Rankin ap sal anpil moun.

Nou sot gade efè rankin nan lavi yon moun. Men Ebre 12 montre nou lè moun kite rankin pouse, rankin lan grandi tankou yon rasin epi li al anpwazonnen lòt moun tou. Rankin toujou gaye nan anpil lòt lavi, epi li kontinye ap simen divizyon e konfizyon kote li pase. Li fè moun pale moun mal. Li mennen hinghang ak manti. Se konsa anpil moun pran kou ladan l'.

Depi genyen mimire epi kont yon kote, se yon siy rankin ap travay la. Siy sa yo vizib. Men depi rankin gaye nan kè anpil moun, kapab genyen sentòm ki kache tou. Depresyon (gran dekourajman jeneral) se youn nan rezilta rankin yo ki pa twò

vizib men ki reyèl nan lavi moun. Rete fache ak yon moun pou anpil tan se yon bagay ki souse enèji emosyonèl nou, epi sa ka mennen nou nan pi gwo pwoblèm tankou depresyon. Genyen lòt pwoblèm ankò ki sòti nan rankin men ki pa twò parèt aklè. Pafwa lè yon moun manke tanperans, sa sòti nan rankin li genyen. E pafwa imoralite menm se rezilta rankin nan lavi yon moun. Men kijan: Jenn moun ki vin gen yon santiman anmè kont paran yo konn chache pou yo fè plis bagay ki blese paran yo oubyen ki bay paran yo pwoblèm. Epi plis paran sa yo pwoteste kont konpòtman sa yo, se plis jenn yo plede fè l'. Nan kilti modèn lan, se fasil pou ou wè yon jenn gason ki fache ak paran l' yo e li al chache yon jenn fanm ki genyen menm pwoblèm lan. Ansanm, yo bati yon relasyon sou sa yo toude genyen an kòmen, ki se yon malalèz ak paran. Nan ka sa yo, souvan moun yo kouri lage yo nan imoralite ansanm san yo pa menm rann kont ke dezi yo youn pou lòt se sèlman yon dezi ki baze sou kòlè yo toude genyen annegad paran yo. Se yon fondasyon ki dwòl epi ki p'ap dire.

Yon lòt fason rankin konn anpwazonnen moun se nan move karaktè li transmèt bay yon lòt jenerasyon. Lè yon moun genyen santiman anmè annegad yon lòt, li souvan vin sanble avèk lòt moun lan nan menm karaktè li degoute a. Malgre li pa ka sipòte tèt bagay nan lavi moun sa a, se nan bagay sa a menm li vin sanble avè l'. Li sitèlman mete aksan sou pwoblèm lan, menm pwoblèm lan devlope nan pwòp karaktè li. Men de (2) egzanp kote sa moun degoute parèt lakay yo: Yon pitit ki grandi ap sibi vye pawòl dwòl nan bouch paran kapab sèman li p'ap janm pale dwòl ak pitit pa li a menm yon fwa. Poutan, alafen li pa sèlman pale dwòl ak pitit pa li a, men li ale pi lwen pase sa. Epitou, yon fanm ki soufri anpil paske moun pale l' mal kapab vin bòs nan pale lòt moun mal tou.

Ala yon rasin terib se rankin ! Se moman an kounyeya pou nou gade kòman nou ka evite l' e derasinen li.

Kesyon pou Etidye :

1. Ki de (2) bagay ki nesèse pou wè Senyè a ?
2. Nan etid sou kòlè e rankin ou gentan fè a, kòman kòlè yon moun gade nan kè li a ap gate kè poze li genyen an ? Kòman li ap gate jan li ap viv apa pou Bondye ?

3. Ak kisa yo konpare rankin nan vèsè sa yo ? Kòman rankin sanble yon rasin ?
4. Poukisa moun ki gen rankin pa souvan rekonèt rankin yo genyen an ?
5. Kòman nou ka idantifye rankin ? Èske ou kapab fè yon lis moun nan Bib la ki montre rankin ?
6. Trase kèk etap ki genyen nan pwogresyon rankin nan lavi yon moun.
7. Kòman mete chaj sou do moun ka vin tounen sekirite pou yon moun ?
8. Fè lis kèk siy vizib ki montre genyen rankin yon kote.
9. Esplike kòman chak nan bagay sa yo kapab yon sentòm rankin :
 - a. depresyon
 - b. mank tanperans
 - c. imoralite

(Note byen : Se pa tout depresyon oubyen tout mank tanperans oubyen tout imoralite ki sòti nan rankin. Pa kouri panse se sèlman rankin ki ka lakòz bagay sa yo.)
10. Selon pwòp obsèvasyon pa ou, èske genyen lòt sentòm rankin ankò ki konn kache nan lavi moun ? Esplike.
11. Esplike kòman rankin pwodwi karaktè negatif nan lavi moun ki genyen rankin nan.

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblentz
 Itilize avèk pèmisyon : Christian Light Publications, Inc
 Harrisonburg, VA Ozetazini
 Tout dwa rezève



ISTWA BIBLIK

JEZI FÈT LAVIL BETLEYÈM

Pa Gen Plas nan Otèl la

Youn nan pi gwo evènman ki te janm genyen tapral rive ! Yon vyèj ki te rele Mari te gen pou l' fè Jezi. Yo te gen pou rele Li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la.

Anvan Jezi te fèt, Mari te vizite kouzin li Elizabèt. Li te pase twa (3) mwa avèk li anvan li te retounen lakay li lavil Nazarèt. Se la Jozèf t'ap tann kilè pou jou maryaj yo a rive. Lè Mari te di Jozèf li tapral fè yon tibebe, Jozèf te choke. Li te panse Mari te twonpe li.

Konsa, Mari te pale Jozèf sou vizitè ki te sòti nan syèl la. Malgre sa, Jozèf te doute toujou. Èske manmzèl te wè yon zanj toutbon ? Èske tibebe sa a se te Pitit Bondye ? Èske Mari t'ap pale verite ?

Jozèf te deside pou kraze maryaj la tou dousman epi san bri. Li pa t' vle eskandalize Mari epi fè li wont devan tout moun.

Men Bondye te konnen panse Jozèf. Jou lannwit sa a menm Li te voye zanj Gabriyèl bò kote li nan yon rèv. Zanj lan te di : « Pa fache, pitit Mari a pral fèt pamwayen pisans Bondye ak Sentespri a. Ou va rele Li Jezi, paske Li va sove pèp Li a nan peche yo. » Ala yon soulajman Jozèf te santi lè li te tande mesaj sa a ! Ak kè kontan, li te pran Mari pou madanm li.

Aprè sa, anperè women an te voye nouvèl pou tout pèp la peye taks. Tout moun te dwe al enskri nan vil kote yo te moun lan. Sa vle di, Jozèf te dwe ale lavil Betleyèm. Konsa, li te kondwi Mari ale lavil Betleyèm nan yon vwayaj fatigan ki te dire kat (4) jou.

Lè yo te rive, Mari te anvi jwenn yon bon kabann. Men elas, otèl la lavil Betleyèm te deja plen moun. Konsa, yo te al rete nan yon pak bèt. Jou lannwit sa a, tibebe Mari a te fèt.

Jozèf ak Mari te akeyi tibebe a ak kè kontan. Se te Mesi a Bondye te gentan pwomèt la ! Jozèf te di : « Nou va rele Li Jezi, jan zanj lan te di mwen. Se Li Bondye voye pou sove nou. »

Mari te vlope tibebe Jezi nan kèk moso twal long, epi Jozèf te mete Li kouche nan yon krèch.

Matye 1.18–25 ; Lik 2.1–7



Tibebe Jezi te fèt nan yon pak bèt.

Nou gen yon ti pitit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. (Ezayi 9.6)

1. Kiyès ki te di Jozèf pou rele tibebe a Jezi ?
2. Nan ki vil Jezi te fèt ?
3. Ki kote yo te mete Jezi kouche ?

Itilize avèk pèmasyon :
 Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
 Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

ISTWA MATI YO

Simon Pyè – Lanne 69 Apre Jezi

Simon Bajona se te frè Andre. Li te sòti Betsayda nan Galile, epi li te yon pechè pwason. Nan lang Siriyik, yo te rele l' Sefas. Nan lang Grèk, se te Petra. Li te abite nan zòn Kapènawòm ansanm ak manman madanm li. Se te frè l', Andre, ki te yon disip Jan Batis, epi ki te mennen Pyè al kontre ak Kris. Pa lontan apre sa, ni Andre, ni Pyè te resevwa apèl pou yo kite afè peche pwason pou yo peche moun pito.

Pyè te resevwa anpil enstriksyon nan men Kris, Sovè l'. Tèlman Pyè te fè pwogrè, li te devni pòt pawòl apòt yo. Se li menm ki te pi fran epi pi ouvè, ni nan kesyon li te poze yo, ni nan jan li te reponn kesyon. Se li ki te pi zele pou Kris. Li te anvi epwouve amou li ak fidelite li, epi pafwa sa te pouse l' aji san kontwòl. Nan okazyon sa yo, Senyè a te aji tankou yon bon papa pou Pyè, ki vle di Li te kontinye enstwi li, epi Li te repwoche l' ak dousè lè Pyè te merite sa.

Senyè a te renmen Pyè yon fason espesyal. Jezi te pèmèt twa (3) nan disip Li yo wè glwa Li sou tèt yon mòn. Se te Pyè, Jak, ak Jan. Pyè te pale sou sa pi devan lè l' r'ap ekri kwayan yo ki te gaye toupitou. Men sa l' te ekri : « *Mwen te wè Senyè a nan tout pouvwa Li ak je pa mwen* » (2 Pyè 1.16).

Se Pyè ki te montre plis kouraj nan soufrans pou Kris, men nan kòmansman an se li ki te pi fèb. Senyè a te chwazi twa (3) disip pou veye epi priye ansanm avèk Li nan jaden an. Se te Pyè avèk de (2) pitit Zebede yo, Jak ak Jan. Malerezman, Pyè, ansanm ak lòt yo, te gen dòmi nan je yo. Sa montre nou yon bagay byen klè : Malgre Kris te renmen Pyè yon fason espesyal, li te toujou yon senp imen ak tout feblès imen yo.

Konsènan evènman an lè Pyè te di li pa r' konnen Kris, nou p'ap di anyen sou sa nan dokiman ki nan men ou an, se paske sa pa sa ki objèktif nou an. N'ap ekri pou n' pale sèlman sou fidelite Pyè ansanm ak sou kijan li te kenbe fèm jouk lanmò.

Apre Pyè te di li pa konnen Kris, Senyè a te padonnen l' pou peche sa a. Li te pase l' lòd pandan twa (3) fwa pou li okipe mouton L' yo. Pi devan, Pyè te fè sa fidèlman ak tout li menm.

Nan yon sèl jou, 3 000 moun te konvèti apre Pyè te preche. Yo tout te resevwa

batèm, epi yo te kontinye avanse nan doktrin apòt yo ak nan fratènite ansanm avèk yo. Yo t'ap kominye ansanm, epi yo t'ap priye ansanm.

Pyè te konfime doktrin li t'ap anseye a avèk pisans Bondye. Li te fè mirak kòm siy pou demontre se te pouvwa Bondye a ki te sou Li. Sa te fèt selon pwomès Kris te gentan fè a. Egzanp se nèg paralize a, Ananyas ak Safira, Ine, Tabita, ak lòt ankò.

Nan yon vizyon, Pyè te vin konprann kijan Jezi rele moun lòt nasyon yo tou pou yo vin jwenn Li. Men, Pyè poutèt pa li se te yon apòt pou Jwif yo. Ministè pa l' la te pi efikas nan mitan moun sikonsi yo, ki vle di ras Jwif yo.

Akòz Pyè te sitelman ekselan epi diy nan ministè li, sa te fè Senyè a plezi pou l' mouri kòm yon mati. Konsa, Pyè te sele doktrin li t'ap anseye a, pa sèlman avèk bouch li, men avèk san li epi menm avèk lanmò li. Senyè a te gentan mete Pyè okouran bagay sa yo depi anvan Li te kite tè sa a. Li te di Pyè : « ***Sa M'ap di ou la a, se vre wi. Lè ou te jenn ti gason, ou te konn mare sentiwon ou pou kont ou. Lè sa a, ou te konn ale kote ou te vle. Men, lè w'a fin granmoun, w'a lonje de (2) bra ou konsa, se moun ki va mare sentiwon ou pou ou. Lè sa a, y'a mennen ou kote ou pa ta vle ale.*** » ¹⁹(Lè Jezi t'ap pale konsa, Li t'ap montre kijan Pyè tapral mouri pou sa te sèvi yon lwanj pou Bondye... » (Jan 21.18–19).

Verite sa a te parèt aklè nan lavi Pyè pi devan. Sa pa t' pran anpil tan pou yo te arete Pyè ak Jan pou yo trennen yo devan Gran Konsèy Jwif la lavil Jerizalèm. Chèf yo te menase yo. Yo te di piga yo kontinye preche nan non Jezi. Men Pyè ak Jan te reponn : « ***Se pou n' obeyi Bondye pase pou n' obeyi moun*** » (Travay 5.29).

Pi devan, yo te mete men sou Pyè ankò, ansanm ak kèk lòt nan disip yo. Men, nan mitan lannwit yon mirak te fèt. Yon zanj te parèt pou delivre yo nan prizon an.

Apre sa, yo te mete men sou Pyè ankò. Fwa sa a, yo te bat li...ansanm ak kèk nan lòt yo. Chèf yo te pase yo lòd pou yo pa janm kanpe pou pale nan non Senyè Jezi ankò. Malgre sa, disip yo te kite Gran Konsèy la epi yo te ale ak kè kontan poutèt Senyè a ki te wè yo te diy pou yo soufri pou Li.

Pi devan toujou, se te Wa Ewòd ki te lonje men l' pou l' pèsèkite legliz la. Li te fè touye Jak, frè Jan an, avèk nepe. Lè l' wè kijan Jwif yo te kontan aksyon sa a, li te ale pi lwen. Li te mete men sou Pyè. Li te fèmen Pyè nan prizon epi te mete yon pakèt sòlda veye li. Ewòd te vle fè Pyè parèt devan pèp la apre fèt Pak la te




fin pase. Men nan lannwit, yon zanj te mennen Pyè sòti. Li te pase nan mitan pakèt sòlda yo. Konsa, li te retounen kote kwayan yo ankò. Yo te rejwi anpil lè yo te wè li libere.

Alafen, pwofesi Kris la te akonpli, selon temwayaj dokiman istorik yo. Li te glorifye Bondye nan lanmò li vre. Pandan li te lavil Wòm, se te anperè Newon ki te kondane Pyè pou li sibi krisifiksyon. Men Pyè pa t' wè li te diy pou li mouri menm jan ak Sovè li a, tèt anlè. Konsa, li te mande pou yo krisifye l' tèt anba pito. Chèf yo te kouri dakò avè l' paske lanmò sa a t'ap pi mizerab toujou. Se sa menm yo t'ap chache.

Pyè te mouri, jan dokiman yo detay li, apre li te gentan preche Bòn Nouvèl la pandan transèt (37) ane. Lè sa a, li te genyen swasantdis (70) ane sou tèt li.

Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror* (Glas Mati yo).





CHEMEN LI TE CHWAZI A

Bay Yon Timoun Prensip

Chapit 1b

Nan kay la, manman Sara te siye dlo nan je l'. Sara se te premye pitit li a, epi li taprale lekòl. Manman an te rete ap kenbe men Lora, ti sè a. Li te priye konsa : « Chè Senyè, depoze men Ou sou Sara. Li tèlman piti, epi li anvi aprann. Ede l' aprann sèlman sa ki bon, epi pou l' evite tout sa ki mal. Epi, ede mwen pou m' prepare ti pitit sa yo pou jou yo a kote yo va kite kay la pou y'al lekòl tou. » Pandan li te konfyè timoun yo nan men Bondye, li te antre nan kay la pou l' okipe de (2) ti pitit yo ki te toujou la avè l' nan kay la.

Frè Milè te fè cheval li yo rete lè yo te rive devan ray yo kote tren an te pase. Apre sa, li te kontinye avanse. Li t'ap ranmase timoun lekòl yo pou yo rive nan

lekòl la ansanm. Konsa, li te pase devan boutik la, devan lapòs Jèmanntawn lan, epi devan legliz la. Tout kay sa yo se kay Sara te rekonèt byen. Apre kay sa yo se te yon bèl ti kay fèt an brik koulè wouj. Li te sitiye toudwat nan mitan vale a. Se te lekòl la. Kè Sara t'ap bat pandan li te antre nan lakou a. Lekòl la te genyen vennkat (24) timoun tout ansanm. Sara te rekonèt pifò nan timoun yo, men malgre sa li te santi l' yon ti jan etranj nan mitan moun sa yo paske ni manman l', ni papa l' pa t' pre li ditou. Sara te renmen lekòl. Li te renmen pwofesè a. Men, se Mari li te pi renmen. Se pa ti kontan Sara te kontan lè li te aprann se te li menm ak Mari ase ki te fè pati klas premye ane a pou ane sa a.

Nan apremidi, apre premye jou lekòl la, Sara te antre nan kay la avèk yon sèl kontantman. Pawòl yo t'ap koule sòti nan bouch li pandan li te eseye esplike tou sa ki te rive pandan jounen an. Manman l' ak papa l' te rete ap koute. Yo te kontan pou jan li te eksite pou chak ti bagay. Yo te ankouraje l' pale sou esperyans li te fè a.

Sara te prèske toufe ti Lora avèk bo ; li te kontan wè l' apre yon jounen apa.

« Nan yon sans, jounen an te long anpil. » Sara te fè yon ti soupi. Se te premye fwa Sara te fè tout yon jounen lwen Lora konsa. Tibebe Jak t'ap dòmi toujou. Li te genyen onz (11) mwa ase. Sara te anvi wè l' reveye pou l' te ka jwe avè l'.

Apre yo te fin manje, epi pandan yo t'ap lave veso, Sara di konsa : « Manman, mwen manke bliye yon bagay ki enpòtan. Mari di manman l' dakò pou li vini isi a demen apremidi... si ou dakò. Li vle wè tibebe a. Mari anvi genyen yon ti frè. Li pa genyen. » Sara te santi yon ti tristès pou Mari paske Mari se te dènye pitit manman l' ak papa l'.

« M' kwè sa kapab mache, dapre mwen. Mwen ta kontan pou Mari pase yon ti tan isi a avèk ou demen apremidi. Demen, ou kapab di li mwen dakò. »

Sara te reponn : « Li di m' papa l' ap pase pran l' a senkè apre li kite travay li nan moulèn an. Mwen kontan paske l' ap vin vizite m'. Li renmen tibebe menm jan avè m'. M' tèlman kontan nou genyen bebe nan kay la pou nou okipe. »

Sara te yon bon elèv. Li te travay. Etidye se te bagay fasil pou li, epi li te pase anpil tan ap fè lekti. Li te aprann yon pakèt bagay pandan premye ane lekòl li a. Konsa, te genyen kèk bagay li te aprann ki te yon ti jan twoubler manman l' ak papa l' poutèt lafwa kretyen yo. Sa pa t' pran anpil tan pou yo remake Sara, premye pitit yo a, te kòmanse demonstre yon lespri endepandan.

Papa l' t'ap pale ak manman l' sou sijè sa a. Li di : « Mwen vle Sara devni yon

granmoun ki kapab. Men dabò, fòk li aprann soumèt devan otorite, epi fòk li aprann viv byen bò kote moun. »

Nan lekòl Jèmanntawn lan, te gen detwa elèv ki te sòti nan fanmi ki pa t' Kreyen. Movèz abitud timoun sa yo te pouse rasin lakay kèk nan timoun yo ki te sòti nan fanmi kreyen. Timoun yo te asiste yon seri konpòtman dwòl, epi sa te manifeste lakay yo tou.

Mesye ak Madanm Yodè te byen sezi yon bon jou lè yo te tandè tifi yo a sèvi mal ak non Senyè a. Se te yon jou Mèkredi nan apremidi. Yo t'ap prepare pou yo ale nan yon sèvis lapriyè.

Manman an te rele Sara depi nan salon an. Li di : « Sara, tanpri, ede Lora mete bagay nan pye l' pou nou ale. »

Lora t'ap fè espre balanse pye l' yo pou anpeche Sara mete soulye nan pye li. Pandan yon premye moman, Sara te ri. Men, yon sèl kou li te pèdi pasyans. Li te kenbe pye Lora epi li te repete yon vye pawòl li te tandè nan bouch timoun lekòl yo. Manman l' te antre nan sal la touswit. Sara te wont. Li pa t' vle gade manman l'. Li te bese tèt li.

Manman an te di konsa : « Sara ! Sa pa bèl lè ou sèvi ak non Senyè a konsa. Sa lèd. »

Manman an te bese pou l' kenbe pye Lora yo fèm nan men l'. Li gade l', epi li di : « Lora, lè Sara ap eseye ede ou, ou pa dwe fè jwèt konsa. Sa pa bon. »

Dlo te koule nan je tifi a.

Manman an te pale ankò : « Ou dwe mande Sara eskiz. Li pa kapab ede ou byen pandan w'ap fè dezòd konsa. »

Lora t'ap prèske kriye. « Eskize m'. » Li te kouri kache figi l' nan pye manman l'. Sara te chita sou kabann lan, epi vizaj li te mouye tou poutèt dlo ki t'ap sòti nan je l'.

Sara te pale pandan vwa l' t'ap tranble : « Eskize m' pou jan mwen te manke pasyans avèk Lora. Epi, padonnen m' paske mwen te di mo a. Li te sòti nan bouch mwen san m' pa konnen. Mwen konnen ou pa vle m' pale konsa. »

Manman te anbrase toude ti medam yo ansanm. Li te kontan paske li te remake kè yo te brize dèske yo te fè sa ki mal.

Jan ak Mari Yodè te eseye trase bon egzanp pou pitit yo nan imilite epi nan repantans. Ti medam yo te konn tandè paran yo mande padon pou yon mank pasyans, oubyen pou yon mo yo pa t' dwe di. Paran yo te dakò konfese erè—se

konsa yo te twouve lapè. Pandan yo te piti toujou, medam yo te aprann kijan pou yo libere tèt yo apre yo te fè paran yo tò. Pandan yo t'ap grandi, yo t'ap devlope yon konsyans ki tapral ede yo reyaji byen pi devan nan relasyon yo ak Bondye. Depi konsyans yo twouble yo, se pou yo kouri konfese epi repanti.

Manman an te pase yon lòd : « Lora, ale nan salon an epi mande papa ou pou li lage cheve ou. M'ap vin penyen tèt ou talè. »

Lora te vole atè a, epi li te kouri kontre ak papa l'.

Manman an te pran men Sara nan men pa l'. Tou dousman li di konsa : « Sara, sa pa bon ditou lè ou sèvi mal avèk non Senyè a jan ou te fè l' talè la. »

Sara te leve je l' pou l' gade manman l'. Je l' te debòde ak dlo. Bouch li t'ap tranble. Li te deranje pou jan l' te fè manman l' mal.

Manman an te esplik : « Bondye te byen konnen moun yo tapral tante pou yo itilize non Li mal. Lontan pase, Li te bay pèp Li a yon kòmandman : « Piga nou sèvi mal ak non Senyè a, Bondye nou an. » Ankò nan Nouvo Kontra a, Li fè nou sonje nou dwe gen respè pou non Li ki sen, ki pa tankou lòt non yo. Mwen menm ak papa ou, nou vle pou fwaye sa a fè Bondye plezi. Konsa, nou pa dakò lè ou pale konsa. Ou gentan wè se Satan ki vle pou ou sèvi mal ak non Senyè a. Li pa vle pou w' adore Bondye epi itilize non Li avèk respè. Mwen konnen se Bondye ou vle fè plezi, Sara. »

Manman Sara te souri pou premye pitit fi li a epi te kontinye : « Jezi te mouri pou nou, konsa pou n' pa oblije viv nan peche. Nou toujou sipoze mande Bondye pou li ede nou. Pandan ou piti, mwen menm avèk papa ou, nou va toujou fè ou sonje ou pa dwe fè sa ki mal. Si ou pa kite vye konpòtman sa yo koulye a pandan ou piti, w'ap mal pou kite yo lè ou pi gran. »

Sara te rete ap kriye sou zepòl manman l' apre li te resevwa pinisyon dou a li te konnen li merite. Koulye a, li te lejè. Move konpòtman an te jwenn bouchon li. Dlo ki t'ap sòti nan je tifi a te gentan fini. Li t'ap gade manman l' avèk yon konfyans paske li te jwenn padon. Yon lòt fwa ankò, bèl souri a te retounen sou vizaj li. Bagay la te regle. Sara te kouri abiye pou legliz pandan manman l' t'ap penyen tèt Lora.

Fanmi Yodè a te pati pou sèvis lapriyè a. Pandan sèvis la, Sara te chita tou dousman bò kote manman l'. Apre sèvis la, pandan paran li yo t'ap pale ak vwazen epi ak zanmi yo, Sara te pale avèk plizyè nan ti zanmi li yo tou. Youn apre lòt, moun yo te ale. Se te detwa ase ki te rete.

Pastè a te vin kote Sara epi te lonje men l' : « Bonswa, Sara. »

Sara te pran men pastè a, epi li te reponn : « Bonswa, Frè Mast. »

« Èske ou renmen lekòl ou a ? »

« O wi ! M' renmen l' anpil. Mwen genyen anpil zanmi nan lekòl la, epi n'ap aprann anpil bèl bagay. »

« Se byen sa. Ou gentan aprann li epi ekri deja ? »

Sara te kouri reponn : « Men wi ! » Apre sa, se te tankou yon lonbraj ki te pase sou li pandan li te sonje kèk vye bagay li te gentan aprann nan lekòl la tou... kèk vye pawòl.

Sara te kontinye tou dousman koulye a : « Frè Mast, pafwa mwen aprann bagay ki pa bon tou. Mwen pa vle bagay sa yo, men pafwa yo la. Mwen vle fè sa ki byen. Èske ou dakò priye pou mwen ? »

Frè Mast te reponn ak bon kouraj : « Wi, Sara. Mwen va ede ou priye. »

Sara te santi li soulaje. Li tapral fè sa l' kapab, epi manman l', papa l', epi menm pastè a tapral priye pou li. Malgre li te piti toujou, Sara te deja aprann pou li mete anpil konfyans nan lapriyè.

Frè Mast te kontinye : « Sara, èske ou dakò priye pou mwen tou ? Satan tante m' pafwa pou m' fè sa ki mal menm jan avèk ou. »

Sara te gade nonm li te respekte anpil la. Ak konfyans li te reponn : « Wi. Wi. Mwen va ede ou priye tou. Mwen pa t' konnen ou konn anba tantasyon. » Depi jou sa a, Sara te priye fidèlman pou pastè li a.

Yon jou Dimanch nan mwad Me, vè sizè dimaten, papa Sara te kite gwo depo a pou li antre nan kay la. Li te rele madanm li pou di konsa : « Mari, li ta bon si ou ta leve timoun yo bonè maten an. Nou oblije ale legliz apye. Cheval yo p'ap ka rale kabwa a. Sa ki te malad nan pye deja pako refè, epi koulye a dezyèm lan kòmanse mache bwete tankou premye a. M' pa kwè nou kapab deplase avèk yo. Ou panse nou ka fè wout la apye ? »

Manman an te reponn : « Wi, nou kapab. Se senk (5) kilomèt ase. N'ap prepare byen bonè. M' pa vle pou n' oblije prese nan wout la. Jak kòmanse genyen ti pwa, epi mwen pa vle pou ou soufri twòp ap pote li nan tout wout la. »

Jan te reponn pandan li te pase nan kizin lan : « Aaa ! M' ka fè sa. Li lou se vre, men do m' bon toujou. Epitou, li pa tibebe ankò. Li ka fè yon bout nan wout la ap mache. »

Papa a te rele pou tout moun tande : « Sara ! Lora ! Leve non. Abiye yon ti jan vit pou n' kapab pati talè konsa. »

Sara te vire sou kabann li. Reyon solèy yo te pase atravè rido a ki te nan fennèt la. Apre li fin leve, li mete rad sou li, apre sa, li ede Lora fin boutonnen wòb li a dèyè do l'. Detwa minit apre sa, toude medam yo te parèt nan kizin lan ak bèl souri sou vizaj yo. Yo te avanse sou lavabo a kote toude te fè twalèt yo.

Manman an te mennen Jak vini. Li te mete l' bò tab la sou chèz espesyal la papa l' te fè pou li. Apre sa, manman te mete manje sou tab la. Bòl blan yo te parèt bèl sou nap la ki te genyen yon koulè ble akawo. Gwo bòl avwàn lan te byen cho epi te plen kay la avèk yon bon sant. Tout fanmi an te prezan bò tab la tou dousman pandan Papa te fè yon lekti nan Pawòl Bondye a pou tout moun tande. Apre sa, yo te bese tèt yo pou yo di Bondye mèsi pou benediksyon Li yo anvè yo. Menm ti Jak te fè silans.

Papa te anonse yon bagay pandan li t'ap separe manje a : « Timoun, jodi a nou prale legliz apye. Cheval yo malad. Konsa fòk nou fè vit. N'ap manje epi n'ap ranje nou pou n' derape pi vit ke posib. »

Ti medam yo te kontan. Lora pa t' ka sonje yon lè yo te ale legliz apye. Sara te konn di li kijan se te yon plezi lè yo te konn fè sa anvan Jak te fèt. Lè sa a, Papa te konn pote Lora nan bra l', epi Sara ta mache bò kote manman l'. Si fanmi Milè a te ansanm avèk yo, sa te diferan. Lè sa a, Sara te konn pran devan ansanm ak Mari. Manman l' avèk sè Milè te dèyè yo.

Avwàn lan te disparèt rapidman. Fanmi an pa t' konn rive legliz anreta, epi yo pa t' dakò pou sa rive yo jodi a.

Avèk tèt ansanm, sa pa t' difisil pou fanmi an pare pou yo derape a witè.

Manman an te deklare : « Nou gen inèdtan edmi pou n' rive nan sèvis la. »

« Konsa, n'ap kapab rive epi fè yon ti poze anvan sèvis la kòmanse. »

Papa a te ajoute yon bagay yon fason pou montre li te dakò ak pawòl la : « Li enpòtan pou n' prepare kè nou yo anvan nou antre nan adorasyon. »

Pandan Sara t'ap pase sou galeri a, li te rele byen fò : « Milè yo prale apye jodi a tou ! »

Sara te tann Mari rive devan kay la, epi li te al jwenn li.

Tout rès fanmi an te fè yon fason pou yo derape tou. Yo te salye youn lòt ak kè kontan. Toude fanmi yo te avanse ansanm.

Frè Milè te di konsa : « Nou wè tan an tèlman bèl, nou te deside fè wout la apye. »

Jante esplike rezon an kifè fanmi pa l' la te apye.

Frè Milè te di : « Sa fè m' mal pou m' tandè cheval yo gen pwoblèm ! Mwen swete yo refè touswit. »

Konsa, fanmi Milè ak fanmi Yodè yo te rive nan lakou legliz la byen bonè. Yo te patisipe nan sèvis adorasyon an ansanm ak anviwon katreven (80) lòt frè ak sè.

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

—Mari Milè

Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)



Aktivite Timoun

REPONS

1. Toni, Sali, Toma, Bobi, Mesye Wilè
2. Nou dwe aprann mande Senyè a pou Li ede nou pou n' ka fè yon ti kras anplis.
3. Sali
4. Toni
5. Paran Toni yo, pwofesè a, zanmi l' yo, Mesye Wilè
6. Detwa posibilite :
Li te pèsèvere nan devwa matematik la jouk li te rezoud pwoblèm difisil yo.
Li te netwaye zouti yo apre li te sèvi avèk yo.
Li te simen sann dife sou chemen an.
7. swen atantif pèsèverans detay veyatif
8. Repons yo va varye.

SEKSYON TIMOUN



Li Enpòtan Pou Ou Toujou Fè Yon Ti Kras Anplis

Pwofèsè a te renmèt elèv yo ti egzamen òtograf yo. Toni te gentan wè konbyen Sali te fè pou egzamen an. Sali te chita toudwat devan Toni. Jan sa te ye prèske toutan, Sali te fè dis sou dis (10/10). Tout moun te konnen Sali se te yon elèv ki fè bèl nòt. Se te toujou li menm ki devan nan klas la.

Men sa ki te nan tèt Toni : *M' ta renmen fò tou. M' ta renmen genyen pasyans pou chita etidye anpil tankou Sali. Fòk mwen aprann etidye leson m' yo jouk mwen fin konnen yo byen. Mwen bezwen aprann rete nan travay la plis pou m' pa bay vag epi kouri al jwe.*

Toni te vire je l' pou li gade klas la. Li te remake de (2) nan zanmi li yo, Toma ak Bobi. Li te anvi konnen ki nòt yo te fè pou ti egzamen an. Konsa, lide l' tonbe sou yon konpetisyon yo te genyen nan mitan yo, yo twa (3). Mesye Wilè se te yon vwazen ki te rich. Li te gentan rele twa (3) tigason yo pou ofri yo yon chans pou yo travay pou lajan nan bèl jaden pa l' yo pandan sezon chalè a. Men, dabò, li tapral teste yo pandan sezon fredri a poko fini. Se te yon konkou.

Chak Samdi, youn nan yo tapral travay pou Mesye Wilè. Fòk yo retire nèt ki te tonbe. Fòk yo pase bale nan tout chemen an devan kay la. Fòk yo retire sann nan gwo fou a. Se te yo twa (3) ki te nan konkou a, epi Mesye Wilè te pwomèt bon jan travay pou sila a ki fè plis efò.

Jou apremidi sa a, pandan timoun yo te nan wout pou ale lakay, Toni te jwenn avèk Sali. Li te di li : « Sali, mwen ta renmen fè bon nòt menm jan avèk ou. Sanble mwen pa entèlijan. Epitou, mwen pa tèlman renmen etidye. Yon ti kadè mwen bay vag pou m' al jwe pito. Souvan, mwen pa fini devwa m' yo. »

Sali te reponn : « Mwen pa pi fò pase ou. Men, yon sèl bagay, mwen gentan konnen kijan m' ka jwenn èd. »

« A bon. Ou genyen moun k'ap ede ou ? M' pa konn wè moun ap ede ou. Èske ou genyen moun ki fè devwa ou pou ou ? »

Sali te reponn ankò : « Mwen menm jan ak tout moun nan klas la, tandè ? M' remake tout timoun yo konn tonbe jwe epi gaspiye tan lè yo bouke etidye. M' konn bouke tou pafwa, sitou lè n'ap fè matematik. M' pa vle chita li TOUT leson an nèt. M' konn pa vle chita gade tout mo òtograf yo BYEN. Men, lè m' vle bay vag, mwen leve tèt mwen epi mwen priye Bondye. Mwen di : « Senyè, mwen bezwen Ou ede m' fè yon tikras anplis. » Ou konnen, mo sa yo vle di yon pakèt bagay pou mwen koulye a. Bondye gentan ede m' kontinye etidye. Li ede m' fè YON TI KRAS ANPLIS vre. » Sali te rete byen serye pandan li t'ap espliche.

Konsa yo te rive devan kay Sali. Li te prèt pou l' antre lè Toni te pale ankò : « Ou vle di m' se Bondye k'ap ede ou ? Poukisa Li pa ede m' tou ? »

Sali di konsa : « Li va ede ou. Li ede nenpòt nan pitit Li yo...depi yo mande Li. Depi mwen fatige etidye mo òtograf yo epi mwen anvi kite sa, mwen di toupiti : « Senyè, mwen bezwen pou Ou ede m'. » Li ede m' etidye plis mo toujou. Men se pa sa sèlman. Li motive m' pou m' al gade definisyon yo nan diksyonè a tou. Lè m'ap travay nan gramè, Li ede m' fè yon ti kras anplis toujou. Mwen panse se ti kras anplis sa yo ki toujou ede m' fè bèl nòt. »

Jou apremidi sa a, Toni t'ap fè devwa matematik li a. Te genyen pwoblèm ki te mechan. Li te prèt pou l' kite sa. Sibitman, li te sonje sa Sali te pataje avè l' : « *Lè ou fatige epi prèt pou kite, mande Bondye ede ou.* »

Toni te deside fè sa. Li te mande Bondye ede l'. Touswit li te santi yon nouvo dezi pou li kontinye, menmsi pwoblèm yo te difisil. Lè l' te atake l' ankò, li te twouve solisyon an. Pou di vre, li te vin konprann pwoblèm yo epi li te rezoud kat (4) lòt ankò. Koulye a li te klè nèt.

Sa te mache ! Nan demen, pwofesè a te bay yon ti egzamen sanzatann. Toni te fè plis

pwen pase li te fè nan tout lòt egzamen yo pandan ane a. Sa te rive konsa paske li te resevwa yon ti kouraj anplis pou li kontinye travay.

Pandan semenn yo ki te vini apre sa, Toni te vin remake yon chanjman nan jan li te konn travay. Li pa t' nan PRESKE fini leson li yo ankò. Li te twouve fòs pou li fè YON TI KRAS ANPLIS. Nan tan ki pase yo, Toni te fasil bay vag pandan li te PRESKE fini ak leson yo. Li ta kite sa pou fè yon lòt bagay ki te enterese li plis. Manman l' te konn repwoche l' pou jan li te kite bagay yo san li pa t' fini vre.

Koulye a, se te kòmsi se yon nouvo Toni ki te ale lekòl. Pwofesè a te remake sa. Paran li yo te remake sa. Zanmi l' yo te sezi lè yo te wè jan li konn travay koulye a. Èske se yon chanjman k'ap dire, osinon èske l'ap kite sa talè konsa ?



Mesye Wilè te sezi lè l' wè kijan Toni travay ak dilijans epi ak ekselans. Men, li pa t' di anyen. Se swiv li t'ap swiv.

Chak Samdi, lè Toma osinon Bobi osinon Toni te fin travay, Mesye Wilè t'al gade byen pou wè kisa yo te fè. Yo touletwa te travay byen. Men Mesye Wilè te remake Toni te toujou mete pèl la nan bon plas li apre li te fin pase yon twal sou li pou li pa wouye. Ankò, depi se Toni ki t'ap travay, bale a te nan bon plas li byen ranje. Toni te toujou netwaye zouti yo epi ranje yo chak nan plas yo.

Èske sa te vo lapenn ? Toni t'ap poze tèt li kesyon : Èske Mesye Wilè apresye swen espesyal mwen toujou konn bay nan travay la ? Toni te konnen lòt mesye yo t'ap fè efò tou. Pafwa Toni te mete nan tèt li anyen pa anyen epi Mesye Wilè p'ap note okenn diferans. Men nan kè l', Toni te konnen li te fè travay li yo byen. Se sa ki te pi enpòtan. Li te jwenn yon nouvo Zanmi ki te ede fè yon TI KRAS ANPLIS.

Dènye Samdi a anvan gran vakans lan te gentan rive. Mesye Wilè te rele touletwa mesye vin jwenn li.

Li di yo : « Nou tout enpresyone mwen jan nou travay. Mwen gentan pale ak de (2) nan zanmi m' yo ki va anplwaye de (2) nan nou kèk fwa pandan gran vakans lan. Nou tout ap jwenn travay pou n' fè. Men, mwen deside pran Toni pou travay isi a ansanm avèk mwen. Toni te travay byen, men anpil fwa mwen twouve li fè yon TI KRAS ANPLIS.

« Pandan plizyè repriz, si chemen an te glise avèk glas atè a, Toni te simen sann.

Konsa machin lan te kapab monte pi fasil. Mwen remake li toujou mete pèl la nan plas li, men li pase twal sou li dabò pou l' pa wouye. Lè l' okipe zouti yo byen konsa, sa fè yo dire plis. Sa fè m' depanse mwens. »

Tigason yo te dakò. Toma te di konsa : « Wi. Nou tout remake Toni diferan koulye a. Nan lekòl la, tout moun wè sa. Ti travay sa yo Toni te fè, mwen pa t' menm wè pou m' te fè bagay konsa. Li merite travay lakay ou, Mesye Wilè. Men nou kontan ou te chache travay pou nou menm tou. »

Tout moun te gade Toni. Mesye Wilè te di : « Petèt ou kapab esplike nou kòman atitid ou te chanje. »

Toni te yon ti jan wont. Li pa t' abitye avèk tout atansyon sa yo. Moun pa t' konn fè lwanj li fasil. Men, kanmenm li te kontan paske li te jwenn okazyon pou l' esplike ki sekre li te aprann nan men Sali.

Li te esplike yo tout bagay nèt. Li te esplike kijan li te toujou fèb li menm, men kijan se Bondye ki t'ap fè tout chanjman yo. « Sali te gen rezon. Mwen te panse petèt se te yon blag li t'ap bay lè li te esplike m' sa. Men, mwen te eseye l'. Koulye a mwen wè kijan Bondye gentan chanje mwen. Mwen di Sali mèsì, epi mwen di Bondye mèsì pou jan yo ede mwen. »


Tigason yo te ale lakay yo. Yon semans te gentan tonbe byen fon nan kè Toma ak nan kè Bobi. Epitou, senp ti temwayaj Toni te bay la te gentan touche kè Mesye Wilè tou.

Istwa sa a sòti nan *Seeing God's Purpose in Everything*
(*Remake Plan Bondye a nan Tout Bagay*)



Vèsè Pou Aprann

*« Moutre m' yon nonm ki gen ladrès nan sa l'ap fè.
Se moun konsa k'ap rive travay ak chèf. Li pa pral
travay ak moun ki pa anyen » (Pwovèb 22.29).*



Aktivite Timoun

Ranpli espas vid yo ak bon repons.

1. Site non senk (5) moun ki te pi enpòtan nan istwa sa a.

2. Ki pi gwo leson ou tire nan istwa sa a ?

3. Kilès ki te premye moun lan ki te pale sou afè YON TI KRAS ANPLIS la ?

4. Kilès ki te tire yon leson nan men premye moun sa a ?

5. Kilès ki te remake yon chanjman lakay Toni ?

6. Ekri de (2) egzanp kote Toni te fè yon ti kras anplis.

7. Sou liy yo ki anba, kopye tout mo yo ki pale sou yon travay ki byen fèt.
swen parès atantif pèsèverans distrè
lach detay lant veyatif vag

8. Nan ki matyè ou pral eseye fè yon ti kras anplis ?

(Repons nan paj 29)

*Tipatipa
fè w'
rive lwen.*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



**« Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).**

Tout Va Vo Lapenn

1. Pafwa jou yo parèt long, Eprèw nou yo byen lou.

Nou fè lide plenyen, Bougonnen pafwa tou.

Men Kris va vini talè Pou pran nou ansanm avè L' !

Tout dlo nan je va siye Nan Gran Jou Letènèl !

KÈ :

Tout va vo lapenn Lè nou va wè Jezi !

Eprèw yo va parèt piti Lè nou wè Kris !

Dèpi je n' tonbe sou Li, Tout tristès ale.

Donk, kouri ak kouraj Jouk nou wè Kris !

2. Pafwa syèl la nwa, Limyè pa klere ;

Lavi sakaje nou, E nou rete izole.

Men, genyen Youn nan syèl la, Li konnen sa pou L' fè ;

Kite Jezi travay pou ou, Rele L' nan lapriye.

3. Lavi sa a prèske bout, Tanpèt yo p'ap swiv nou ;

N'ap annik janbe vout la Pou n' nan glwa Li pou toujou !

N'a pataje tout jwa syèl la : Bèl chan, bèl kay, kouwòn tou ;

Satan p'ap gen plas laba, E n'ap depoze tout fado lou.

Chan sa sòti nan : *Awake and Sing*

(*Reveye epi Chante*)

Nou gen pèmasyon pou n' itilize l'.